UNIT 1: FAMILY / WEEK 3

# Home Link – Haitian Creole




(Lyen Lakay) Inite 1: Fanmi: Semèn 3

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou an pral aprann sou fanmi. Eseye fè owmen twa nan aktivite aprantisaj amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo w chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochèn. **AMIZE N!**

Non timoun nan: ________________________________

## Langaj

(Anrapò ak liv: *Oonga Boonga, Tito Puente MamboKing*, ak *Charlie Parker Plays Bebop).* Tande mizik ou pi renmen an epi pale ak ptiti ou sou ki jan l fè w santi w. Envite pitit ou pou l desinepandanke n ap tande l. Pami kèk mo ou kapab itilize nan konvèsasyon w se: kontan, eksite, tris, fache, rit, lè chante an, melodi, son.

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon**:

- Mizik sa a fè m santi m__________(eksite). Ki jan l fè w santi w ou menm?
- Èske w renmen mizik ki ale dousman oswa ki ale vit? Pou kisa?
- Pale m de koulè ak fòm w ap desine yo?

## Alfabetizasyon/Chante

Chante ansanm. Chante sa a se yon chante pitit ou an dwe abitye avè l. Itilize non tout manm fanmi w pou w chantechante sa a:

Tanpri, konsilte lyen sa a pou w aprann lè chantea:

**Willaby Wallaby**

Willaby Wallaby Wee, an elephant sat on me.
Willaby Wallaby Woo, an elephant sat on you.
Willaby Wallaby W____(Walim),
an elephant sat on_____(Salim)
Willaby wallaby W________,
an elephant sat on __________

## Dekouvèt

**Pandan L ap Benyen:**
Bay pitit ou an kèk resipyan ki pa menmgwosè pou l jwe avèk yo epi envite l pou l note mouvman ak son dlo a fè. Ki son w tande lòske w ap vide dlo a?

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**
Ki jan w santi dlo a sou ou lòske w vide l sou dwèt ou/tèt ou/pye ou?

## Pale epi Li Ansanm

(20 minit)

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Ki pati w pi renmen nan istwa a?
- Ki premye bagay ki pase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?

## Matematik

Envite pitit ou pou l kolekte 3 a 5 ti objè epi konte yo (tankou ti wòch, fèy, bouchon boutèy, pyèsmonnen).

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Konbyen _________ (pyès monnen) ou te kolekte?
- Kòman w fè konnsa?

## Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou.

Vizite bibliyotèk piblik lokal ou a pou gwo liv sou fanmi yo!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

| Liv n ape li lekòl la | Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm: |
|---|---|
| *Corduroy,* ekriven: Don Freeman<br>*Charlie Parker Played Be Bop,* ekriven: Chris Raschka<br>*Tito Puente Mambo King,* ekriven: Monica Brown | *A Pocket for Corduroy,* ekriven: Don Freeman |

## Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, "Yon **eskalye voulan** se yon eskalye mekanik ki woule monte oswa desann."
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, "Ki sa wpanse Lisa fè avèk Corduroy aprè l fin rekoud bouton l lan pou li?"